New York State of Opportunity. | Department of Motor Vehicles

# APLIKASYON POU CHANJE NON SÈLMAN SOU PÈMI ESTANDA, LISANS CHOFÈ OSWA POU KAT ID KI PA LISANS CHOFÈ

*Fòm sa a disponib sou* **dmv.ny.gov**

OFFICE USE ONLY
Image #

GADE **ENSTRIKSYON YO** SOU PAJ 2. ***EKRI AN LÈT DETACHE*** *AKLÈ AVÈK PLIM BLE OSWA PLIM NWA.*

**DOKIMAN AKTYÈL**

☐ Lisans ☐ Pèmi Apranti ☐ Kat ID

**ENFÒMASYON SOU IDANTIFIKASYON OU**

**NIMEWO IDANTIFIKASYON SOU LISANS CHOFÈ, PÈMI APRANTI, oswa KAT ID KI PA LISANS CHOFÈ ETA NEW YORK (OBLIGATWA)**

**NON OU MENM JAN LI PARÈT NAN LISANS AKTYÈL, PÈMI APRANTI, OSWA KAT IDANTITE POU MOUN KI PA CHOFÈ ETA NEW YORK OU.**

**NOUVO SIYATI OU OKONPLÈ**

**NOUVO PRENON OU OKONPLÈ**

**DEZYÈM DEZYÈM PRENON OU OKONPLÈ**

Èske ou genyen oswa èske ou te genyen yon lisans chofè ki valab oswa ki te ekspire nan dènye dezan yo, ou te fè nan yon lòt Eta Etazini, nan District of Columbia oswa nan yon Pwovens Kanada? ☐ Wi ☐ Non

Si repons ou se "Wi", ki kote yo te ba ou li? ____________________

Dat Ekspirasyon: | Kalite Lisans: | Nimewo ID Lisans nan Lòt Eta:

**TIT** | **DAT OU FÈT** (Mwa, Jou, Ane) | **SÈKS** (G ☐ F ☐ X ☐) | **WOTÈ OU** (Pye, Pous) | **KOULÈ ZYE OU** | **NIMEWO TELEFÒN (Kay/Mobil)** Prefiks (Area Code) (        )

**NIMEWO SEKIRITE SOSYAL* (SSN)**

**Si ou pa te deja chanje non ou ak Administrasyon Sekirite Sosyal, nou pral refize aplikasyon w lan.**

*Ou dwe bay nimewo a. Nou gen otorizasyon pou pran SSN ou dapre Seksyon 490(3) ak 502(1) Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon. N ap itilize enfòmasyon yo pou fè echanj avèk lòt jiridiksyon, pou ede verifye idantite ou, epitou pou bay sanksyon sou lisans chofè dapre Seksyon 510(4-e) ak 510(4-f) Lwa V&T. Nou p ap mete SSN ou deyò.

**ADRÈS KOTE OU RESEVWA KOURYE LAPÒS OU (Sa dwe menm adrès ak sa ki nan dosye DMV kounye a)** - *Mete Nimewo ak Non Ri a, Livrezon Riral ak/oswa nimewo bwat la (Si se Bwa Postal, epitou ou ranpli seksyon "Adrès Kote W ap Viv la" anba la a) ADRÈS SA A AP PARÈT SOU DOKIMAN IDANTITE ESTANDA OU A.*

| | Nimewo Apatman | Vil oswa Vilaj | Eta | Kòd Postal | Konte |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**ADRÈS KOTE OU ABITE (Sa dwe menm adrès ak sa ki nan dosye DMV kounye a)** *OBLIGATWA SI ADRÈS LA DIFERAN AVÈK ADRÈS POSTAL LA - PA BAY BWAT POSTAL. POSTAL.*

| | Nimewo Apatman | Vil oswa Vilaj | Eta | Kòd Postal | Konte |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

**KONDISYON VETERAN**

☐ Make yon kwa kaz sa a si ou ta renmen gen mo "Veteran" enprime sou bò devan dokiman ki gen fot ou.. Ou dwe bay prèv ki montre ou te jwenn dechaj avèk lonè nan sèvis militè (pa egzanp: DD-214, DD-215).

**DON ÒGÀN AK TISI NAN ETA NEW YORK (Ou dwe ranpli seksyon sa a)**

Pou enskri nan Regis New York State Donate Life[SM] tcheke tibwat "wi" a, siyen non ou epi mete dat anba la a. Ou konfime ou: Gen laj 16 zan oswa plis; bay konsantman ou pou fè don tout ògàn ak tisi ou pou grèf ak rechèch; otorize DMV pou transfere non ou ak enfòmasyon ki idantifye ou nan Rejis Donate Life la; ak otorize Donate Life Eta New York pou bay aksè nan enfòmasyon sa yo ba òganizasyon ki anba kontwòl gouvènman federal epi ki resevwa don ògàn ak bank tisi ak zye ki gen lisans Eta New York ak lopital lè ou mouri. "DONÈ ÒGÀN" *ap enprime devan dokiman DMV ki gen foto ou.* W ap resevwa yon kominikasyon, k ap ba ou yon posibilite tou pou limite don ou. Si ou gen 16 zan oswa 17 tan, paran yo/ responsab legal yo ka chanje desizyon ou si ou ta mouri. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte DL Eta New York nan donatelife.ny.gov

☐ Tcheke tibwat sa a pou fè yon donasyon nan Fon Lavi...Transfere li (Life...Pass it On Trust Fund) pou rechèch ak sansibilizasyon sou donasyon ògàn ak tisi. N ap mete $1 a sou total frè tranzaksyon ou a.

**Ou dwe reponn kesyon sa a:**

Èske ou ta renmen pou nou mete non ou nan Rejis Donate Life?

☐ Wi (siyen konsantman ki anba la a epi date li)

☐ Sote Kesyon Sa a

♥ ________________________________

Siyati a ak Dat Konsantman Donè a

**ENSKRIPSYON ELEKTÈ KESYON**

**(Tanpri tcheke "wi" oswa "non")**

Si pou pa enskripou vote kote ou abite kounye a, èske ou ta renmen aplike pou enskri?

☐ *WI* – Ranpli Seksyon Aplikasyon Votè a (Pa nesesè si w ap pote fòm sa a nan yon biwo DMV).

☐ *NON* -Mwen Refize Enskri / Mwen Deja Enskri

***REMAK:*** Si ou pa koche okenn kaz, n ap konsidere ou deside pa anrejistre pou vote.

**ENSKRIPSYON AK SISTÈM SÈVIS SELEKTIF ETAZINI (UNITED STATES SELECTIVE SERVICE SYSTEM, SSS)**

Tout gason sitwayen Ameriken ak imigran ki gen ant 18 ak 25 kan dwe enskri ak SSS oswa vyole lalwa. Si w pa enskri sa se yon krim yo ka pini ak jiska senk (5) ane nan prizon ak / oswa yon amann $250,000. Si ou pa enskri avan ou gen 26 zan, ou p ap kapab enskri ankò epi ou pral pèdi avantaj ki asosye ak enskripsyon yo nèt, epi ou p ap kalifye pou jwenn aksè nan: Sitwayènte Ameriken si se yon imigran; Sibvansyon Pell ak èd elèv federal; pwogram fòmasyon travay; ak tout travay federal ak lapòs ak anpil travay travay leta. Si ou chwazi pou ou pa enskri, ou ka tcheke kaz "Non" a epi w ap pèdi avantaj nou te mansyone yo. ☐ NO

***TANPRI RANPLI PAJ 2 A EPI SIYEN LI.*** →

**OFFICE USE ONLY**

| License Class | Special Conditions | ☐ TEENS |
|---|---|---|
| Other Restrictions | Approved By / Date / Office | |

MV-44NCFC (4/23)

## OU DWE REPONN KESYON SA YO POU TOUT TRANZAKSYON LISANS/PÈMI APRANTI

1. Èske lisans chofè ou, pèmi apranti ou oswa privilèj ou pou kondi yon veyikil-a-motè te sispann, revoke oswa anile, oswa èske ou te jwenn refi pou yon aplikasyon nan eta sa a oswa yon lòt kote, nan non ou te bay sou fòm sa a oswa nenpòt ki lòt non.

   ☐ Wi ☐ Non

   Si ou reponn “Wi”, èske yo te ba ou lisans ou, pèmi ou oswa privilèj pou kondi ankò, oswa èske yo te apwouve aplikasyon ou?

   ☐ Wi ☐ Non

2. Èske ou te resevwa tretman, èske w ap resevwa tretman nan moman an, oswa èske w ap pran medikaman pou nenpòt pwoblèm medikal ki lakòz ou pèdi konsyans oswa ki lakòz ou pèdi konesans (pa egzanp, yon twoub kriz, epilepsi, endispozisyon oswa maladi, oswa yon pwoblèm kè)?

   ☐ Wi ☐ Non

   *Si ou te make “Wi”, ou dwe soumèt fòm MV-80U.1, menmsi ou te jwenn egzeyat nan Pwogram Revizyon Medikal la. Ou ka jwenn fòm sa anan nenpòt Biwo biwo Veyikil-a-Motè oswa sou sitwèb dmv.ny.gov*

3. Èske ou bezwen aparèy pou tande ak/oswa yon retwovizè ki gen vizyon okonplè pou kondi yon veyikil-a-motè? Wi

   ☐ Wi ☐ Non

4. Èske ou te pèdi itilizasyon yon janm, bra, men oswa zye? Si ou bezwen renouvle lisans chofè ou epi si ou te make “Wi”, èske sa te rive depi dènye fwa ou te gen lisans chofè ou?

   ☐ Wi ☐ Non

   4a. Si ou bezwen renouvle lisans chofè ou epi si ou te make “Wi”, èske sa te rive depi dènye fwa ou te gen lisans chofè ou?

   ☐ Wi ☐ Non

   4b. Si ou te make "NON" pou kesyon 4a, èske pwoblèm medikal ou te vin grav depi dènye fwa ou te gen lisans ou?

   ☐ Wi ☐ Non

## KONFIMASYON

Mwen konfime enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a ak sou nenpòt dokiman mwen bay pou sipòte aplikasyon sa a kòrèk epi konplè.

Mwen konprann si mwen fè yon fo deklarasyon sou aplikasyon sa a, oswa soumèt nenpòt dokiman ki sipòte aplikasyon sa a ki fo, ka lakòz mwen jwenn pinisyon kòm yon zak kriminèl.

Si mwen se yon gason ki gen omwen 18 tan men mwens pase 26 zan, sof si mwen te chwazi "non" nan enskripsyon nan Sistèm Sèvis Selektif Etazini (United States Selective Service System, SSS) sou Paj 1, mwen chwazi pou mwen anrejistre ak SSS ak bay konsantman pou DMV voye enfòmasyon pèsonèl mwen bay SSS pou enskripsyon an.

**EKRI NON OU AN LÈT DETACHE LA A** ______________________ **DAT LA:** ___/___/______

**SIYEN LA** →

**Tout siyati ou dwe anndan bwat la.**

## ENSTRIKSYON

- Ou dwe itilize fòm sa a SÈLMAN pou aplike pou yon chanjman non sou yon lisans ki deja egziste ESTANDA, Apranti, oswa ID pou moun ki pa chofè (Tout EDL, REAL ID, ak CDL pa ladan).
- Pa gen okenn lòt chanjman nan enfòmasyon ki otorize kòm yon pati nan tranzaksyon sa a (wotè, sèks, adrès, elatriye)
- Non ki sou nouvo Kat Sekirite Sosyal ou a dwe egzakteman non ou mande pou nouvo dokiman DMV ou an.
- Ou dwe gen yon Nimewo Sekirite Sosyal nan dosye Depatman Veyikil-a-Motè.
- Ou dwe bay yon kopi lisans aktyèl ou / dokiman foto ak demann sa a.
- Ou dwe bay kopi nenpòt nan bagay sa yo ki se prèv ki apwopriye chanjman non ou an: Sètifika maryaj leta bay, lòd tribinal gouvènman bay, Batistè ki amande, Papye divòs (endike yon chanjman non), OSWA Papye natiralizasyon.
- Siyati konplè ou dwe rete anndan bwat siyati a. Nou pral itilize siyati sa a sou nouvo dokiman ou an. Si gen siyati ak liy ki touche oswa youn pase sou lòt sou kwen bwat la, n ap refize aplikasyon an.
- Ou ka voye aplikasyon sa a pa kourye lapòs nan adrès DMV Eta New York sa a:

NYSDMV - Utica Processing Center
207 Genesee Street
15th Floor
Utica, NY 13501

Aplikasyon sa a pral afekte sèlman dokiman foto ou. Ou pral bezwen aplike pou yon chanjman non sou lòt dokiman DMV bay (enskripsyon, tit, elatriye) apa. Pou JWENN plis enfòmasyon, vizite https://dmv.ny.gov/address-change/how-change-information-dmv-documents.

**NIMEWO IDANTIFIKASYON SOU LISANS CHOFÈ, PÈMI APRANTI, oswa KAT ID KI PA LISANS CHOFÈ ETA NEW YORK**

## ENFÒMASYON SOU APLIKASYON POU ENSKRIPSYON ELEKTÈ NAN ETA NEW YORK

*(Tanpri li anvan ou ranpli aplikasyon an nan lòt bò a.)*

| OFFICE USE ONLY |
|---|
| |

**Itilize Aplikasyon pou Enskripsyon Elektè Eta New York pou Enskri pou Vote nan Eleksyon Eta New York, epi/oswa:**

- chanje non oswa adrès ki nan enskripsyon votè ou
- vin yon manm nan yon pati politik
- kite pati politik ou pou vin manm nan yon lòt
- enskri davans pou vote si ou gen 16 zan oswa 17 lane

**Pou Enskri Ou Dwe:**

- se yon sitwayen ameriken;
- ou dwe gen 18 lane (ou gendwa enskri davans nan laj 16 oswa 17 an men ou pa kapab vote jiskaske ou gen 18 an)
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- pa reklame dwa pou vote lòt kote
- yon tribinal pa dwe jwenn ou gen enkonpetans

Si ou pa ranpli Aplikasyon pou Enskripsyon Elektè nan Eta New York, n ap konsidere ou refize enskri pou vote. Si ou refize enskri pou vote, paske ou refize enskri a sa ap rete konfidansyèl epi n ap itilize desizyon an sèlman pou objektif enskripsyon. Si ou anrejistre pou vote, nou pa pral di okenn kote nan ki biwo pou te soumèt yon aplikasyon anrejistreman votè epi n ap itilize enfòmasyon sa a sèlman pou zafè anrejistreman elektè. Si ou kwè yon moun te vyole swa dwa ou pou aplike pou enskri oswa pou refize enskri pou vote, dwa ou pou enfòmasyon prive lè w ap deside si pou enskri oswa lè w ap aplike pou enskri pou vote, oswa dwa ou pou chwazi pati politik ou oswa lòt preferans politik, ou ka pote plent ba Komisyon Eleksyon Eta New York, 40 North Pearl Street, Albany, NY 12207-2729 (telefòn: 1-800-469-6872;

N ap voye aplikasyon ou ranpli a bay Komite Eleksyon an epi Komite Eleksyon Konte ou a ap fè ou konnen lè yo trete aplikasyon ou a. Si ou gen nenpòt kesyon sou fason pou ranpli aplikasyon pou enskripsyon votè a oswa pou enskri pou vote, ou ta dwe rele Komisyon Eleksyon Konte kote w ap viv la, oswa rele 1-800-FOR-VOTE (TDD/TTY konpoze 711) (sèlman pou kesyon ki konsène enskripsyon elektè). Si w ap viv nan Vil New York, ou ta dwe rele 1-866-VOTE-NYC. Ou ka jwenn repons oswa zouti tou sou Entènèt nan sitwèb Komisyon Eleksyon Eta New York la www.elections.ny.gov

Información en español: si le interesa obtener este formulario en español, llame al 1-800-367-8683

中文資料:若您有興趣索取中文資料表格,請電: 1-800-367-8683

한국어: 한국어 양식을 원하시면 1-800-367-8683 으로 전화 하십시오.

যদি আপনি এই ফর্মটি বাংলাতে পেতে চান তাহলে 1-800-367-8683 নম্বরে ফোন করুন

---

## APLIKASYON POU ENSKRIPSYON ELEKTÈ NAN ETA NEW YORK

Ranpli pati sa a sèlman si ou vle enskri pou vote oswa chanje adrès ou oswa lòt enfòmasyon ak Konsèy Elektoral la.

| | |
|---|---|
| Èske ou se yon sitwayen Etazini? ☐ Wi ☐ Non<br>*Si ou reponn NON, ou pa kapab enskri pou vote.* | Èske ou pral gen laj 18 tan oswa plis nan jou eleksyon an oswa anvan jou eleksyon an? ☐ Wi ☐ Non<br>Èske ou gen laj 16 zan omwen epi ou konprann, pou ou vote, ou dwe gen laj 18 lane nan jou eleksyon an oswa anvan, epi jiskaske ou gen laj dizwit lane, nan moman eleksyon sa, enskripsyon ou ap make "annatant" epi ou p ap kapab vote nan okenn eleksyon? ☐ Wi ☐ Non<br>Si ou reponn **NON** pou toude kesyon anvan yo, ou pa kapab enskri pou vote. |

| | | |
|---|---|---|
| Èske ou te vote anvan? ☐ Wi ☐ Non<br>Ki Ane? | Enfòmasyon pou vote ki te chanje:<br>Sote kesyon sa a si enfòmasyon sa yo pa t chanje oswa si ou pa t vote anvan. | Non ou se te<br>Adrès ou se te — Eta oswa Konte Eta New York ou te: |
| **Plis enfòmasyon (pa obligatwa)** | Imèl | Nimewo Telefòn |

**Pati Politik**

**Ou dwe fè 1 chwa. Enskripsyon nan pati politik pa obligatwa, men, pou ou kapab vote nan yon eleksyon primè pati politik, yon votè dwe enskri nan pati politik la sof si règ leta pou pati politik la pèmèt lekontrè.**

**Mwen vle enskri nan yon pati politik:**

- ☐ Democratic party (Pati demokrat)
- ☐ Republican party (Pati repibliken)
- ☐ Conservative party (Pati konsèvatè)
- ☐ Working Families party (Pati Fanmi Travayè)
- ☐ Lòt: ______________________

**Mwen pa vle enskri nan okenn pati politik epi mwen ta renmen rete yon votè endepandan**

- ☐ Okenn pati

**DEKLARASYON SOU SÈMAN:** Mwen sèmante oswa mwen konfime

- Mwen konfime mwen se yon sitwayen peyi Etazini.
- M ap te ap viv nan konte a, vil la oswa vilaj la pandan omwen 30 jou anvan eleksyon an.
- Mwen satisfè tout kondisyon pou enskri pou vote nan Eta New York.
- Se siyati m oswa mak mwen ki depoze nan liy anba a.
- Enfòmasyon ki endike anwo se enfòmasyon ki vrè. Mwen rekonèt si se pa vrè, lajistis kapab kondane mwen epi fè mwen peye yon amann k ap apeprè $5,000 epi/oswa mwen ka ale nan prizon pou apeprè katran.

Siyen **X** ______________________ Dat ____________

MV-44NCFC (4/23)



Reyajiste / Klè